



Pwogram & Sèvis

Tout sèvis gratis

24-hre lign criz 239-775-1101

Konsèy Konfidansyèl avèk rekòmandasyon pa profesyonèl ki kalifié.

Refij Emèjensi 239-775-1101

Refij, sekirite pou moun ki viktim vyolans familyal avèk timoun yo.

Konséyé

Individyèl pou viktim vyolans familyal. Gin konséyé pwofesyonèl ki disponib ni pou fanm, timoun, gason, ti granmoun, omosekswèl, epi jèn.

Gwoup Sipò pou Fanm e Timoun

Gin gwoup de sipò disponib pou fanm. Gwoup sipò pou timoun a min-m lè.

Avoka moun ki nan la ri

Asiste klian avèk jan pou yo ginyin benefis publik epi lòt sèvis nan kominoté a. Nou bay edikasyon, plan de sékirite avèk sipò.

Avoka tribinal

Gin avoka ki kontaké viktim vyolans familyal pou ba yo enfomasyon, plan sékirite, e sipò. Asisté yo avèk Yon manda pou pwoteksyon.

Biwo Immokalee

Gin avoka avèk konséyé ki disponib pou bay konsèy individyèl oswa konsèy an group pou ni timoun ni granmoun. Plan sekirite, asistans an ijans, èd tribinal, edikasyon comminotè pou viktim ki nan zòn nan.

Assistans an ijans

Klian yo ka resévwa manjé, rad, atik pou soin pèsonèl, bien pou kay, mèb, transpòtasyon, téléfòn selilè, avèk lòt nécesite, ki posib pa donasyon kominoté a bay refij la.

Edikasyon Kominotè

Prezantasyon pa media (newspaper, tv) ki disponib a kominoté a pa employé pwofesyonèl. Klas entrènman sou rezolasyon konflikt e vyolans ant moun ki rinmin.

Options Thrift Shope

Boutik ki revan bagay epi mèb, nan 968 2nd Ave. North, an ba la vil Naples.

Website - www.naplesshelter.org

Enfomasyon sou vyolans famiyal, plan sékirité, épi sèvis refij la offri. Gin yon paj de kontak konfidansyèl ki disponib pou viktim you mande kesyon.

Kolaborasyon

Refij sa kollabore avèk plus ke 50 ajans de sévis local pou benefisyè klian nou yo.

Shelter for Abused Women & Children sèvi tout moun kap souffri anba vyolans famiyal. Min espesyalman moun ki nan kategori anba yo.

Pou ou paticipé nan pwogram vyolans famiyal pou réfijyé Ayisyen.

- Refijyé Ayisyen
- Ayisyen ki fèk vini
- Ayisyen ki gen libètè kondisyonèl
- Ayisyen ki apliké pou azil
- Ayisyen ki gin rezidans légal ki te refijye
- Benefis pou réfijyé ak moun ki mandé azil ka enkli:
- Edikasyon pou granmoun, anglè pou moun ki palé lòt lang disponib nan kèk zòn.

Asistans pou sitwayen

Edé integrasyon réfijyé ki elijib ak moun ki fèk vini yo nan sektè modèn nan pou ba yo abilité pou yo pale an anglè, resewa fòmasyon sivik ak preparasyon pou examen sitwayen, Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon yo bay.

Swen pou timoun

Yo bay sèvis pou édé refijyé ak fanmi moun ki fèk vini pou yo ka al travay.

Medikal

Yo bay kèk sèvis medikal pou refijyé ak moun ki vini. Men ki pa kalifye pou medikaid oswa asistans medikal pou refijyé yo.

- *Prevansyon Vyolans Famiyal...*Sèvis ki pou amelyoré sansibilizasyon epi prevni vyolans famiyal.
- *Travay...*Yo bay sèvis pou édé w jwenn travay, rempli evalyasyon pwofesyonèl, oryantasyon pou fè pratik travay.

The Shelter For Abused Women & Children

P.O. Box 10102, Naples, FL 34101

(239) 775-3862

24-Hr lign Criz: (239) 775-1101

E-Mail: info@naplesshelter.org

www.naplesshelter.org

To Prevent. To Protect. To Prevail.

The Shelter for Abused Women and Children does not discriminate in any of its programs because of sexual orientation, race, age, gender, citizenship, religion, physical or mental ability, or language.



FCADV
Florida Coalition Against Domestic Violence